# MINISTRLIKTIŃ GEZEKSIZ KOLLEGIYa MÁJILISINDE QANDAY MÁSELE QARALDÍ?

Usı jıl 19-noyabr kúni Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginde Prezidentimizdiń «2020-2023-jılları Qaraqalpaqstan Respublikasın kompleksli sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı qararınıń orınlanıwın támiyinlewge qaratılǵan ZOOM baǵdarlaması tiykarında gezeksiz kollegiya májilisi bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Májilisti Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministri A.Ayapov alıp bardı hám ol óz sózinde Prezidentimizdiń basshılıǵında bilimlendiriw tarawın bunnan bılay da rawajlandırıw, pedagog qánigeler menen qábiletli oqıwshılardı qollap-quwatlaw, olardıń hár tárepleme tereń bilim alıwı ushın jaratılǵan sharayatlarǵa toqtap ótti. Sonıń menen birge, tarawdı bunnan bılay da jetilistiriw, bilimlendiriwdi rawajlandırıw boyınsha qabıl etilgen Prezident pármanı menen qararınıń, elimizde ámelge asırılıp atırǵan jaslar siyasatınıń mazmun-mánisi boyınsha da keń túrde toqtap ótti.
Bunnan soń, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı M.Jumanov shıǵıp sóylep, bilimlendiriwge qaratılıp atırǵan keń imkaniyatlarǵa qaramastan orınlarda olardan nátiyjeli paydalanılmay atırǵanlıǵın jáne 2019-2020-oqıw jılı ushın respublikamız boyınsha ótkerilgen mámleketlik bilimlendiriw sapası boyınsha reyting kórsetkishinde ayırım rayonlardıń kórsetkishi tómen dárejede ekenligi atap ótti. Bunda ásirese, mektep jámáátiniń, mektep direktorlarınıń óz jumıslarına ele de itibarlı túrde jumıs alıp barıwı kerekligi atap ótildi.
Sonday-aq, ilaj dawamında Prezidentimizdiń respublikamızǵa bolǵan xızmet saparı dawamında berilgen tapsırmalar hám belgilengen wazıypalar, «Qaraqalpaqstan Respublikasın kompleksli sociallıq-ekonomikalıq rawajlandırıw ilajları haqqında»ǵı qararınıń orınlanıwın támiyinlewge qaratılǵan ilajlar haqqında, 2019-2020-oqıw jılınıń juwmaqları boyınsha bilimlendiriw sapasınıń monitoringi boyınsha oqıwshılardıń ózlestiriwinde anıqlanǵan boslıqlardı toltırıw boyınsha anıq, nátiyjeli usıllar haqqında da atap ótti.

Image not found or type unknown

Ilajda 2019-2020-oqıw jılı juwmaǵında Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı ulıwma orta bilimlendiriw mektepleri pitkeriwshileriniń joqarı oqıw orınlarına kiriw nátiyjeleri sın kóz

qarastan dodalandı.
Májiliste bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, mekteplerdiń qıs máwsiminde turaqlı jumıs islewin támiyinlew hám 2020-2021-oqıw jılında 11-klass pitkeriwshileriniń joqarı oqıw orınlarına kiriw kórsetkishlerin ele de kóteriwge baylanıslı anıq wazıypalar belgilep alındı.
Image not found or type unknown

Bunnan soń ministrliktiń ulıwma bilim beriw mákemeleri jumısların muwapıqlastırıw bólimi baslıǵı M.Asamatdinov sózge shıǵıp, ulıwma orta bilimlendiriw mektepleriniń 11-klass pitkeriwshilerin joqarı oqıw ornınlarına kiriw hám olardıń bántligin támiyinlew, mektep direktorları hám muǵallimlerine óz pitkeriwshileriniń keleshegine áhmiyetli qatnas jasaw baǵdarındaǵı mexanizmdi jolǵa qoyıw wazıypalarına toqtap ótti.
Kollegiya májilisinde ámelge asırılıp atırǵan jumıslar hám aldaǵı wazıypalardıń orınlanıwına qaratılǵan tiyisli usınıslar hám tapsırmalar berildi.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi